



Pak Susilo


Djani

Kinan

Tirta


Dina iki pelajaran olahraga, bocah-bocah nganggo seragam olahraga wis padha ngumpul ing lapangan. Pak Susilo, guru olahraga ing Sekolah Dasar Bima Kusuma nglumpukake bocah-bocah.






Ing pekarangan sekolah, bocah-bocah wis baris ngadhep Pak Susilo.







Oke bocah-bocah, dina iki awakdhewe arep obah bareng. Sadurunge, bapak arep ngajak kowe kabeh nglakoni saperangan gerakan. Bapak pingin pirsapa kabisaumu ngobahke awak wis trep karo umurmu. Ayo saiki ngetutake obahe Bapak ya...



Gerakan nomer siji, mlompat menyang jero hulahop kang wus ditata, ana lima cacah. Kowe kabeh mlompat nganggo sikil loro kaya kelinci. Coba ditirokke yaa!!! Bapak bakal nyontoni... Hap...hap...hap... Kaya ngene iki.

Bocah-bocah padha niruake gerakane Pak Susilo.
Pak Susilo biyantu bocah-bocah kang isih kangelan.









Bocah-bocah padha jajal mraktekke gerakan kang dituladhake Pak Susilo.







Waaahh, apik banget kuwi. Nah, bocah-bocah kabeh,
yèn kowe kabeh
wis kerep nindhakake gerakan-gerakan
sing dituladhakke Bapak mau, isa marakke
kabisan awakmu uga luwih apik, luwih saimbang
lan demes. Yen kowe sinau,
bisa luwih fokus.. Ana lho gegayutane antarane
kabisan olah awak karo sinau ing kelas.



Oke, saiki gerakan
pungkasan kanggo dina iki.
Awakdhewe bakal
jajal gerakan
sing nglibatake
awak saka ndhuwur
teka ngisor.






BIMA KUSUMA

Djani dipadhakke
obahe tangan karo sikil...
Wis apik kabeh.
Tirta wis apik, teruske....

(Ing jero kelas)



Kinan, bar olahraga sayah nanging rasane saiki malah semangat ya. Ora ngantuk lan bener kang diaturke Pak Susilo menawa olahraga marakke luwih bisa konsentrasi. Yen kowe piye?

Aku sayah banget, mungkin amarga aku arang obah. Nanging pancen rasane mripatku luwih cetha lan rasane seneng, embuh merga apa...

Heheheh,... jebul obah kuwi nyenengake ya kanca-kanca. Ati rasane seneng lan sinau uga luwih seneng...